# Беруний районында жүз берген жәнжел бойынша мағлыўмат берилди

Мәлим етилиўинше, 2020-жыл 16-декабрь күни Беруний районы, Бунёдкор мәҳәлле пуқаралар жыйынында турақлы жасаўшы пуқара М.В. ҳәм оның үйиниң алдына нызамсыз түрде дүкән қурып алған, исбилерменлик пенен шуғылланып атырған пуқара С.Д арасында өз-ара жәнжел келип шыққан. Нәтийжеде пуқара М.В.ға дене жарақаты жеткерилген.

Қарақалпақстан Республикасы ИИМ Мәлимлеме хызметиниң ӨзА хабаршысына мәлим етиўинше, жүз берген жағдай бойынша 2020-жылдың 30-декабрь күни Беруний районы Ишки ислер бөлими жанындағы тергеў бөлими тәрепинен Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 109-статьясы 2-бөлими менен жынаят иси ашылып, дәслепки тергеў ҳәрекетлерине киргизилген.

Image not found or type unknown

Алып барылып атырған дәслепки тергеў ҳәрекетлери даўамында жынаят иси 2021-жылдың 19-январь күни Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 109-статьясы 2-бөлиминен Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 277-статьясының 3-бөлими «а» бәнтине қайта квалификацияланып, ҳәзирги ўақытта жынаят иси бойынша процесс қатнасыўшылары менен байланыслы барлық тергеў ҳәм процессуал ҳәрекетлер әмелге асырылмақта.

Жәнжелде қатнасқан ҳәр бир шахстың ҳәрекетлерине нызам шеңберинде баҳа бериледи. Жынаят иси Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги жанындағы Тергеў басқармасы тәрепинен айрықша қадағалаўға алынған.

Даўыт АБИБУЛЛАЕВ, ЎзА